



Housing

PWOGRAM POU ACHE KAY PREMIE FWA LIS VERIFIKASYON APLIKASYON

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

Mèsi pou enterè ou nan Sant Akèy Boston an. Pi ba a w ap jwenn yon lis dokiman ou bezwen mete ansanm avèk aplikasyon w nan. Tanpri asire w ou mete tout dokiman egzijib ki nan lis la.

Lè aplikasyon w lan konplè ak tout dokiman ki anba yo, ou ka soumèt yo pa imèl nan bhc-oneplus@boston.gov oubyen pa lapòs/an pèsòn nan adrès sa a:

The Boston Home Center
Attn: Homebuying Programs
26 Court Street, Floor 8
Boston, MA 02108

Kou nou resevwa pake sa a, n ap voye yon notifikasyon alekri ba ou sou estati aplikasyon w nan.

DOKIMAN EGZIJIB POU TOUT MOUN K AP APLIKE YO:

- ☐ **Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansye** ki ranpli epi siyen. Tout moun nan kay la dwe sou lis aplikasyon an. Si yon moun sanble ap viv nan kay la (pa egzanp, si li gen afè pèsònèl nan kay la, si l ap resevwa lapòs nan adrès la, si l ap mete adrès sou kat idantite a, elatriye), si l ap demenaje nan nouvo pwopriyete a, yo dwe mete l kòm yon manm nan kay la—menmsi li pa nan lis prè a. Tout moun ki gen 18 an oswa plis ki enskri kòm manm kay la dwe soumèt enfòmasyon ki nesèsè sou revni, bank ak byen.
- ☐ Deklarasyon Pwogram nan ranpli epi siyen.
- ☐ Kopi Sètifika Kou 101 pou Moun k ap Achte Kay founisè CHAPA apwouve
<https://www.chapa.org/>
- ☐ Kopi Kontra Acha ak Lavant oswa Òf ki Siyen epi Aksepte
- ☐ Kopi Lèt Apwobasyon Davans oswa Kalifikasyon Davans yon Enstitisyon ki Prete Lajan k ap Patisiye nan Sant Akèy Boston (Boston Home Center) bay
- ☐ Yon fòmilè W-9 ki ranpli epi siyen, fòmilè a disponib nan:
<https://www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw9.pdf>
- ☐ Pa gen Deklarasyon sou sèman pou sipò timoun (<https://bit.ly/nochildsupporthc>) pou nenpòt moun nan kay la ki poko gen 18 an pou moun ki aplike oswa ko-aplikan an pa resevwa sipò pou timoun.



EQUAL HOUSING
OPPORTUNITY



Housing

Dokiman sa yo pou tout moun nan kay la ki gen laj 18 lane oswa plis ki gen entansyon abite nan pwopriyete a:

- ☐ Kopi Deklarasyon Revni Federal siyen pou 3 dènye lane ki sot pase yo ak tout anèks yo
- ☐ Si yo pa t depoze deklarasyon taks yo - Lèt Verifikasyon Federal pou Non-depoze pou ane kote yo pa t depoze deklarasyon an - Lèt la pwouve ke IRS pa gen okenn dosye sou yon Fòm 1040, 1040A, oswa 1040EZ ki te depoze pou ane a. Ou ka jwenn enstriksyon pou jwenn dokiman sa a lè w sèvi ak lyen sa a: Lèt Non-depoze deklarasyon an.
- ☐ Fich peman 2 dènye mwa yo. Montre salè brit. Sa gen ladan l travay a tan pasyèl, travay bò kote, ak travay sou kontra endepandan tankou Uber, PostMates, Instacart, Shipt, elatriye. Si peman aktyèl la pa konsistan, tanpri bay fichye peman 6 dènye mwa yo.
 - ☐ Si w ap travay poukont ou, bay yon Deklarasyon Pwofi ak Pèt pou ane a ki siyen pa ou menm ak kontab ou, epi kopi Deklarasyon Taks Federal pou de dènye ane yo, ki gen ladan 1099. Sa gen ladan travay a tan pasyèl, travay bò kote, travay sou kontra endepandan tankou Uber, PostMates, Instacart, Shipt, elatriye. Sa a obligatwa tou pou tout manm nan kay la ki gen 18 an oswa plis ki pa etidyan aplentan.
 - ☐ Si yon manm granmoun nan kay la pa gen travay kounye a, yon eksplikasyon sou sikonstans yo epi a Non Revni Afidavi dw e soumèt: <https://bit.ly/noincomehc>
- ☐ Manm kay la ki gen 18 an oswa plis ki se elèv aplentan dwe bay yon relve nòt lekòl OSHA yon lèt ki soti nan enstitisyon yo a ki endike enskripsyon aplentan yo a.

Souvan, manm kay yo ka resevwa revni nan lòt sous apa de salè ki soti nan yon travay aplentan oswa a mwaye tan travay. Men kèk fòm revni komen ki konte nan revni brit total ou a:

- Sekirite Sosyal - Lèt prim pou ane aktyèl la ki montre montan brit mansyèl la. Si ou bezwen asistans, kontakte biwo Sekirite Sosyal lokal ou a - nimewo prensipal la se (800) 772-1213.
- Peman pou Veteran - lèt peman pou ane aktyèl la oswa chak mwa ki soti nan Administrasyon Veteran yo
- Pansyon ak Peman Retrèt - lèt prim pou ane aktyèl la oswa lèt prim mansyèl.
- Pansyon Alimantè pou Timoun (menm si w pa resevwa peman) - Lòd Tribinal ki endike montan ki pou peye a; ou pa ka itilize yon jounal tranzaksyon. Si pa gen okenn lòd tribinal an plas, tanpri mande yon Afidavit pou Pansyon Alimantè jan sa nesesè.
- Peman Chomaj - lèt ki montre kantite lajan pou resevwa a.



**EQUAL HOUSING
OPPORTUNITY**

Dokiman sou byen yo, obligatwa pou tout manm kay ki gen 18 an oswa plis:

Tanpri bay deklarasyon labank konplè pou twa dènye mwa yo pou atik sa yo.

Yo p ap aksepte istwa tranzaksyon yo.

- Tout Kont Kouran – Mete ladan l nenpòt kont ki nan non w, non pitit ou yo, oswa kont jwenti (menm si yo pa itilize). Dwe gen ladan tout kont yo (menm sa yo ki gen timoun oswa lòt moun), ki gen ladan kont jwenti, menm si ou pa itilize yo.
- Tout Kont Epay– Mete ladan l nenpòt kont ki nan non w, non pitit ou yo, oswa kont jwenti (menm si yo pa itilize). Dwe gen ladan tout kont yo (menm sa yo ki gen timoun oswa lòt moun), ki gen ladan kont jwenti, menm si ou pa itilize yo.
- Tout platfòm bankè sou entènèt– Egzanp: Kont Cash App, Venmo, Apple Pay, elatriye. Si ou gen nenpòt nan kont sa yo nan non ou, ou OBLIJE soumèt dokiman yo, menm si ou pa itilize kont lan.
- Kont retrèt kay la tankou 401(k), 403B, IRA, Roth IRA, ak pansyon
- Mache monetè, aksyon, obligasyon, kont koutye, Keogh, bon trezò, elatriye.
- Relve yo dwe montre Pousantaj Rannman Anyèl (APY) pou tout kont ki rapòte enterè.
- Ou dwe mete tout kont ki gen non ou oswa non pitit ou yo sou yo; sa gen ladan kont jwenti ak lòt moun, menm si ou pa itilize yo. (Deklarasyon(yo) dwe endike Pousantaj Rannman Anyèl (APY) pou tout kont ki bay enterè.

Remak: Nenpòt depo \$500 oswa plis, ki gen ladan depo lajan kach, san dokiman apwopriye, ka konte kòm revni. Tanpri bay eksplikasyon pou depo sa yo lè l sèvi avèk Fòm Eksplikasyon Depo BHC nou an.

Remak: Ekri nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou panse nou ta dwe konnen pou nou trete aplikasyon w nan.

DIVILGASYON MOUN KAP ACHTE KAY PREMYE FWA

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

DEFINISYON YO

Achte kay pou premye fwa: Achte kay pou premye fwa a vle di aplikan an, ko-aplikan oswa konjwen an pa te gen okenn patisipasyon nan yon rezidans prensipal pandan peryòd twazan anvan an eksepte nan sikonstans sa yo:

- **Paran selibatè ki legalman divòse.** Yon sèl-paran ki gen gad prensipal (ki gen ladann gad legal konjwen) yon timoun minè oswa ki ansent, ki te deja posede yon kay rezidansyèl annantye oswa an pati men ki pa gen okenn dwa sou pwopriyete a ankò kòm rezilta yon divòs oswa yon akò separasyon legalman obligatwa oswa,
- **Eritaj.** Yon kay ki te resevwa annantye oswa an pati, yon kay rezidansyèl kòm yon eritaj men kounye a pa gen okenn dwa legal sou sa a oswa nenpòt lòt pwopriyete rezidansyèl.
- **Kay mobil.** Yon fanmi ki te posede yon kay mobil annantye oswa an pati men ki lwe tè kote pwopriyete a te ye a.
- **Sèten Fòm Lojman Koperativ.** Pandan ke nòmalmman pwopriyete yon inite lojman koperativ ta konsidere kòm pwopriyete kay, gen sèten fòm koperativ ki pi pre lojman pou lokasyon pase pwopriyete kay. Se sèlman kooperativ kote aksyonè a te resevwa yon dediksyon taks sou enterè ipotèk nan men IRS yo pral konsidere kòm pwopriyete kay pou rezon règleman sa a.

Aktyèl Rezidans Prensipal la: Rezidans kote achte a nòmalmman manje ak dòmi epi kenbe efè pèsònèl yo ak nan kay la; epi achte a okipe, oswa gen entansyon okipe kòm kay li oswa li pa gen entansyon kòm yon pwopriyete investisman oswa yon kay pou vakans oswa itilize prensipalman nan yon komès oswa biznis. Achte a dwe abite nan pwopriyete a senk (5) sou sèt (7) jou nan semèn nan, epi si li oswa absan pou vakans, biznis oswa nenpòt lòt rezon, jou absan yo pa ka totalize plis pase swasant (60) jou youn apre lòt nan nenpòt ane, eksepte pou yon sejou lopital.

Fanmi an: Yo pral defini Manm Kay la, nan moman aplikasyon an kòm:

- Moun k ap viv ansanm regilyèman, ki gen lyen san, maryaj, adopsyon, gadyen, oswa operasyon lalwa;

- Oswa ki pa gen rapò konsa, men ki pataje revni ak resous epi ki gen entansyon pou okipe inite a kòm rezidans prensipal pèmanan yo.

Koup ki legalman marye yo dwe konsidere toulède fè pati nan yon kay. Sepandan, si yon moun "separe," mari oswa madanm lan p ap konsidere kòm yon pati nan kay la si aplikan an kapab sifizaman dokimante ke mari oswa madanm lan ap viv separeman.

Moun k ap achte ansanm, sa vle di ko-achtè, kap viv kounye a nan yon kay separe, yo pral konsidere kòm manm nan kay la pou aplikasyon an. Oswa ki pa gen rapò konsa, men ki pataje revni ak resous epi ki gen entansyon okipe inite a kòm rezidans prensipal pèmanan yo.

Biwo Lojman Majistra a pral konsidere lòt sikonstans ki pa satisfè definisyon sa a si yo bay ase dokiman ak/oswa deklarasyon sou sèman notarye.

Biwo Lojman Majistra a ka mande pou lòt dokiman anplis jan sa nesèsè pou asire ke pwogram lan respekte entansyon an.

Aplikasyon Definisyon sa a: Pwogram pou pwopriyetè kay Biwo Lojman Majistra a, ki gen ladan asistans finansye ak inite pwopriyetè kay ki gen restriksyon sou papye. Règleman sa a aplike pou sètifikasyon elijiblite yo fè nan nenpòt ki pwen pandan pwosesis lotri ak acha a.

Revni Anyèl: Reprezante kantite lajan yon moun rantre nan yon ane apatide tout sous yo anvan taks.

Revni Anyèl Kay la (Revni Anyèl Fwaye a): Revni konbine tout moun ki gen lentansyon viv nan lojman an. Sous revni yo gen ladan yo, men yo pa limite a:

- Montan total, anvan nenpòt dediksyon pewòl, pou pèy ak salè, pèy pou ovètaym, komisyon, frè, poubwa ak bonis, ak lòt konpansasyon pou sèvis pèsònèl;
- Enterè, dividann, ak nenpòt lòt kalite revni nèt ki soti nan imobilye oswa nan pwopriyete pèsònèl;
- Montan konplè nan montan peryodik ki soti nan Sekirite Sosyal, rant anyèl, polis asirans, fon retrèt, pansyon, benefis pou andikap oswa pou lanmò, ak lòt resi peryodik ki menm kalite;
- Peman alaplas salè, tankou asirans pou chomaj ak endemnité pou enfimite, konpansasyon travayè ak pèy pou separasyon;
- Peman pou asistans sosyal;

- Alokasyon peryodik ak detèminab, tankou obligasyon alimantè ak peman pou pansyon alimantè pou timoun, ak kontribisyon regilye oswa kado w resevwa nan men òganizasyon oswa moun ki p ap viv nan fwaye a;
- Tout pèy regilye, pèy espesyal ak alokasyon pou manm Fòs Lame yo.

Byen yo: Byen yo gen ladan yo kont labank oswa kont finansye, kèlkeswa si se kach, ekite nan imobilye, fon investisman, oswa nenpòt lòt atik ki gen valè. Sèl eksepsyon an se fon retrèt gouvènman an apwouve ak plan ekonomi pou kolèj. Si yon plan retrèt oswa plan ekonomi pou kolèj pral likide pou ede nan acha kay la, se sèl lè sa a yo pral ajoute li sou kalkil la antanke byen.

Limit sou byen: Yo ka konsidere aplikan an pa kalifye si byen total kay la plis pase \$100,000. Anplis, pa plis pase mwatye (50%) nan byen achtè ki kalifye a ka sou fòm yon kado.

Bezwen byen: Yo ka konsidere aplikan yo pa elijib si, dapre byen total moun nan kay la, pa gen okenn bezwen ki demontre.

Kondisyon Jeneral yo

Note, lè nou itilize "mwen" oswa "pou mwen/m" nan sengilye pi ba a, li reprezante pliriyèl la tou nan ka ta gen plis pase yon sèl achtè.

1. Responsablite avoka pou moun ki gen ipotèk la se pou l pwoteje enterè moun ki gen ipotèk la.
2. Moun k ap bay ipotèk la, ki responsab depans yo, anboche yon avoka yo chwazi pou reprezante enterè yo nan tranzaksyon an.

Mwen menm, _____, m ap aplike pou Asistans Finansye anba pwogram asistans pou depo ak frè kloti yo nan The Boston Home Center. M ap sètifye e mwen garanti tout sa ki annapre yo.

- Enfòmasyon sou Revni Moun nan Kay la gen ladann tout moun ki gen lentansyon viv nan fwaye a, ke mwen pral viv ladann nan. Mwen enkli laj li (yo), relasyon yo ak mwen, sous revni (yo), ak revni brit anyèl ki soti nan tout sous yo (ni revni yo kapab takse ni sa ki yo pa kapab takse) yo, ki gen ladann men ki pa limite a: **salè, ovètaym, distribisyon IRA, anplwa a tan pasyèl, bonis, dividann, enterè, rant anyèl, pansyon, Konpansasyon Administrasyon Veteran (VA), revni brit oswa revni nan lwaye, komiyon, revni repòte, peman asistans sosyal, benefis sekiritre sosyal, peman pou andikap, pansyon alimantè, peman pou sipò, asistans leta, peman pou maladi, asirans pou chomaj, ak revni ki soti nan fidisi, aktivite komèsyal, ak investisman.**



- Mwen konprann mwen dwe itilize yon Enstitisyon ki Prete Lajan k ap Patisipe ke Vil Boston apwouve ak yon pwodi ipotèk apwouve ki respekte limit prè ki konfòm ak Fannie Mae yo.
- Mwen konprann ke, anvan mwen resevwa Asistans Finansye, mwen pral oblije siyen Tèm ak Kondisyon yo.
- Mwen pral okipe kay m ap achte a kòm rezidans prensipal mwen an nan swasant (60) jou apre dat fèmte an, sof si Biwo Lojman Vil Boston Majistra a dakò yon lòt bagay epi m ap kontinye okipe kay la apres.
- Mwen kwè tou an tout bon fwa ke m ap pran lojman nan yon inite ki vid e ke lè m antre viv ladan l mwen pap responsab okenn lokatè ni ansyen pwopriyetè vin sinistre. Mwen konprann ke omwen yon inite dwe vid lè m ap pran lojman.
- Mwen pap ogmante lwaye lokatè yo pou mwen ka fè yo demenaje kite pwopriyete a nan lespas premye ane mwen gen pwopriyete a.
- Mwen pral viv nan pwopriyete sa a kòm rezidans prensipal mwen pandan dire tan prè sa a.
- Mwen pa t pwopriyetè okenn kay nan twa (3) dènye ane ki sot pase yo.
- Mwen konprann ke yo pa aksepte moun konvèti kondominyòm yo pandan dire ipotèk la.
- Mwen okouran ke si mwen elijib dapre revni mwen jan HUD defini li, e ke mwen achte yon pwopriyete ki te konstwi anvan 1978, yo egzije yon Enspeksyon Vizyèl Penti a anvan dat kloti mwen an.
- Mwen okouran ke sou sis (6) mwa apati dat kloti a, se pou mwen konplete kou obligatwa pou "Pwopriyetè Kay 201" an ke MAHA bay la.

Afimasyon

- Yo pa janm kondane mwen akòz ensandi kriminel ni entimidasyon lokatè ni yo pa janm jwenn mwen abize lwa Lojman Ekitab yo.
- Aktyèlman mwen pa yon moun akize nan yon ka ensandi kriminel, ni mwen pa yon moun akize nan yon zafè Lojman Ekitab.
- Aktyèlman mwen pa yon moun akize nan medyasyon avèk Komisyon Lojman Ekitab nan Boston ni Komisyon Kont Diskriminasyon nan Massachusetts.
- Mwen pa gen okenn obligasyon enpo imobilye an sispan nan Vil Boston.



- Mwen sètifye ke ni mwen menm, ni okenn manm fanmi imedya nan kay la, kounye a oswa pa te nan douz (12) mwa ki sot pase yo, yon anplwaye, ajan, konsiltan, ofisyè, oswa ofisyèl eli oswa nonmen nan Biwo Lojman Majistra Vil Boston. Pou rezon divilgasyon sa a, "manm fanmi imedya" dwe gen ladan paran, mari oswa madanm, frè ak sè, oswa timoun, kèlkeswa kote yo abite.
- Mwen konnen enfòmasyon ki nan dokiman sa a sijè a v erifikasyon pa Biwo Lojman Majistra a oswa ajan li yo.
- Nan dokiman sa a mwen bay enstitisyon kap prete m lajan an pèmasyon pou l divilge materyèl konfidansyèl ki gen rapò ak prè ipotèk mwen an bay Biwo Lojman Majistra a oswa ajan respektif li yo, nan bi pou verifye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a. Yo ka repwodui aplikasyon sa a, epi kopi sa a pral efikas menm jan ak konsantman orijinal sa a.
- Mwen deklare ak tout konviksyon mwen sou pèn fo temwayaj ke enfòmasyon sila a se laverite, li presi, konplè ak kòrèk. Atravè deklarasyon sa a mwen bay Vil Boston otorizasyon pou l verifye defason endepandan enfòmasyon mwen bay la a e pou l envestige dosye kredi mwen yo tou. Mwen sètifye ke mwen li Kondisyon Jeneral pou Otorizasyon Divilgasyon Pwogram sa a e mwen dakò avèk Kondisyon Jeneral yo.

Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Dat

Ko-Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Ko-Aplikasyon an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Dat



PWOGRAM POU MOUN K AP ACHTE KAY POU PREMYE FWA

Mayor's Office of Housing
The Boston Home Center

1. Enfòmasyon sou Aplikan an

Aplikan an: _____
Prénon Inisyal Dezyèm Prenon Non fanmi

Imèl: _____

Dat de Nesans: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Nimewo Telefòn Prensipal _____ Nimewo Telefòn Segondè _____

Èske ou se yon Sitwayen ameriken?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske w se yon rezidan etranje?

- ☐ Wi
☐ Non

Ko-Aplikan an: _____
Prénon Inisyal Dezyèm Prenon Non fanmi

Imèl: _____

Dat de Nesans: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: _____

Adrès: _____
Ri Vil Eta Kòd Postal

Nimewo Telefòn Prensipal _____ Nimewo Telefòn Segondè _____

Èske ou se yon Sitwayen ameriken?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske w se yon rezidan etranje?

- ☐ Wi
☐ Non





2. Pwopriyete ki Konsène a

Tanpri, reponn kesyon ki anba la yo sou pwopriyete w ap achte a. (si ou deja gen yon òf aksepte oswa yon Akò Acha ak Vann.)

Adrès: _____

Ri

Boston, MA

Katye

Kòd Postal

Tanpri chwazi kalite pwopriyete a:

- ☐ Kay pou 1 Fanmi
- ☐ Kay pou 2 Fanmi
- ☐ Kay pou 3 Fanmi
- ☐ Kondominyòm

Dat Konstriksyon Pwopriyete a: _____

Dat Fèmti Pwopoze a (Apati Akò Acha ak Lavant oswa Òf Siyen ak Aksepte):

Pri Dacha: _____

Enstitisyon k ap Prete Lajan Ipotèk la: _____



3. Enfòmasyon sou Revni Fwaye

Tanpri ranpli pou chak moun ki ta abite avèk aplikan an nan nouvo pwopriyete a.

Non Moun nan Kay la	Dat de Nesans	Relasyon avèk Aplikan an	Revni Anyèl Anvan Taks**
		Aplikan	

** Sous revni yo genyen salè, lè siplemantè, bonis, komisyon, prestasyon sekirite sosyal/retrèt, alokasyon chomaj, revni dividand/enterè, prestasyon sosyal, pansyon alimantè/pansyon alimantè pou timoun ak tout lòt revni.

Kantite moun ki gen entansyon abite nan pwopriyete a: _____

Revni Total Fanmi an: _____

Sous Revni

Non Moun nan Kay la	Sous Revni (travay, travay endepandan, benefis/pansyon, sipò timoun)	Frekans	Montan Lajan brit



4. Enfòmasyon sou byen Fanmi an

Lajan Kach, Kont Labank, Kont Envestisman, Kriptomonnen, Fon Kado, elatriye.

Non Detantè Kont	Enstitisyon	Nimewo Kont	Balans Kont

Total: _____

Kont retrèt, ki gen ladan 401(k), Roth IRA





Non Detantè Kont	Enstitisyon	Nimewo Kont	Balans Kont

Total: _____

5. Enfòmasyon pou Maketing Afimatif

Tanpri ranpli seksyon sa a pou ede nou konplete egzijans maketing pozitif nou yo. Repons ou pa obligatwa e li pap afekte aplikasyon w nan.

Ras tout moun lakay ou (tcheke tout sa ki aplikab):

- ☐ Blan
- ☐ Azyatik
- ☐ Nwa oswa Afriken Ameriken
- ☐ Ameriken Endyen oswa Natif Natal Alaska
- ☐ Natif natal Awayi oswa Lòt zile pasifik
- ☐ Lòt: _____

Èske Aplikan an idantifye kòm Panyòl oswa Latino?

- ☐ Wi
- ☐ Non

Èske Aplikan an genyen yon andikap?

- ☐ Wi
- ☐ Non





Èske Aplikan an genyen yon andikap?

- ☐ Wi
☐ Non

Èske Aplikan an se yon Chèf Fwaye Fanm?

- ☐ Wi
☐ Non

Kijan ou te tande pale sou pwogram sa a (tcheke tout sa ki aplike)?

- ☐ Anons nan Jounal
☐ Sit entènèt Boston Home Center
☐ Kat postal nan Kay
☐ Anons sou Entènèt
☐ Klas pou Moun kap achte kay 101
☐ Zanmi
☐ Klas pou Asistans Finansye
☐ Lòt _____

6. Siyen epi Mete Dat la

Mwen deklare sou pèn fo sèman enfòmasyon annapre yo egzak, presi, konplè epi fidèl nan tout sans. Mwen otorize, atravè dokiman sa a, pou Vil Boston verifye defason endepandan enfòmasyon ki bay la yo. Mwen sètifye mwen li Divilgasyon Pwogram lan epi mwen dakò avèk Tèm ak Kondisyon pwogram sa a. Mwen konprann ke selon Lwa Fo Deklarasyon (False Claims Act), 31 U.S.C. §§3279-3733 la, moun ki konnen yo soumèt ak tout konsyans yo, oswa yo lakòz lòt moun oswa antite soumèt fo reklamasyon pou peman ki soti nan fon gouvènman, moun sa yo responsab pou twa fwa lavalè domaj gouvènman an plis sanksyon sivil pou chak fo reklamasyon.

Aplikan an (ekri non an ak gwo lèt detache)

Aplikan an (ekri non an ak gwo lèt detache)





Housing

7

Dat

Ko-Aplikan (ekri non an ak gwo lèt detache)

Ko-Aplikan (ekri non an ak gwo lèt detache)

Dat

